



# Si Ou Se Yon Travayè Endepandan

## Ki sa ki andedan

Fason pou peye taks Sekirite Sosyal ak Medicare	1
Kredi pou travay	2
Fason pou kalkile salè nèt ou	2
Metòd opsyonèl	2
Fason pou rapòte salè	3
Aranjman biznis familyal	3
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

Pifò moun ki kotize nan Sekirite Sosyal travay pou yon anplwayè. Anplwayè yo dedui taks pou Sekirite Sosyal sou chèk yo, li matche kontribisyon sa a, li voye taks la nan Internal Revenue Service (IRS), epi li rapòte salè a nan Sekirite Sosyal. Men moun ki travay ak tèt yo dwe rapòte pwòp salè yo epi peye taks yo dirèkteman nan IRS.

W ap travay ak tèt ou si w ap jere yon komès, yon biznis oswa yon pwofesyon, swa poukout ou swa antanke yon patnè. Ou rapòte salè w pou Sekirite Sosyal lè w ranpli taks federal ou. Si salè nèt ou fè se \$400 oswa plis nan yon ane, ou dwe rapòte salè w yo sou Schedule SE, anplis de lòt fòm taks ou dwe ranpli.

## Fason pou peye taks Sekirite Sosyal ak Medicare

Si w travay pou yon anplwayè, ni oumenm ni anplwayè a nou chak peye yon taks ki egal a 6.2 pouzan pou Sekirite Sosyal sou salè w ki rive jiska \$128,400 epi yon taks pou Medicare ki egal a 1.45 pouzan sou tout salè w. Si w ap travay ak tèt ou, ou peye ni montan anplwaye a ni montan anplwayè a, ki se yon taks ki egal a 12.4 pouzan pou Sekirite Sosyal jiska \$128,400 sou salè nèt ou ak yon taks ki egal a 2.9 pouzan sou tout salè nèt ou. Si salè w depase \$200,000 (\$250,000 pou moun ki marye epi ki ranpli taks ansanm), ou dwe peye 0.9 pouzan anplis nan taks pou Medicare.

Genyen de dediksyon taks sou revni ki redui taks ou gen pou peye.

Premyèman, salè nèt ou fè lè w ap travay ak tèt ou redui a mwatye nan montan total taks ou peye pou Sekirite Sosyal. Se menm jan an yo trete anplwaye yo daprè lwa fiskal yo, paske yo pa konsidere pòsyon anplwayè a peye pou taks pou Sekirite Sosyal la kòm salè anplwaye a.

Dezyèmman, ou ka dedui mwatye nan taks pou Sekirite Sosyal ou a sou fòm 1040 IRS la. Men ou dwe pran dediksyon an sou revni brit ou lè w ap detèmine revni brit ajiste w la. Li paka fè pati lis dediksyon an epi li pa dwe parèt sou Schedule C w la.

Si w gen salè, ansanm ak revni lè w travay ak tèt ou, ou peye taks sou salè a dabò. Men règ sa a aplike sèlman si salè total ou depase \$128,400. Pa egzanp, si w pral touche \$30,000 nan salè epi \$40,000 kòm revni lè w travay ak tèt ou nan ane 2018, ou pral peye taks sou Sekirite Sosyal ki apwopriye sou ni salè w ni sou lajan w touche lè w travay ak tèt ou. Sepandan, nan ane 2018, si salè w se \$87,700, epi w fè \$40,900 revni brit nan biznis ou genyen, ou pap peye taks doub pou Sekirite Sosyal sou revni ki depase \$128,400. Anplwayè w la pral retni 7.65 poustan taks pou Sekirite Sosyal ak Medicare sou revni \$87,700 w la. Ou dwe peye 15.3 poustan nan taks Sekirite Sosyal ak Medicare sou premye \$40,700 nan lajan ou fè lè w travay ak tèt ou epi 2.9 poustan nan taks Medicare sou rès \$200 nan revni brit ou a.

## Kredi pou travay

Ou dwe te travay epi peye taks pou Sekirite Sosyal pandan yon sèten tan pou ka jwenn benefis Sekirite Sosyal. Kantite tan ou bezwen travay la depann de dat nesans ou, men pa gen pèsòn ki bezwen plis pase 10 an travay (40 kredi).

An 2018, si salè brit ou se \$5,280 oswa plis, ou genyen maksimòm anyèl la ki se kat kredi—yon kredi pou chak \$1,320 salè pandan ane a. Si salè nèt ou mwens pase \$5,280, ou ka toujou gen kredi lè w itilize metòd opsyonèl ki dekri pi ba nan fèy enfòmasyon sa a.

Nou itilize tout salè Sekirite Sosyal kouvri pou kalkile benefis Sekirite Sosyal ou a, kidon se pou rapòte tout salè jiska maksimòm nan, jan Lalwa egzije sa.

## Fason pou kalkile salè nèt ou

Pou Sekirite Sosyal, salè nèt se salè brit nan komès ou oswa biznis ou, mwens dediksyon ak depresyasyon yo pèmèt ou pran pou biznis la.

Kèk revni pa konte pou Sekirite Sosyal epi ou pa ta dwe enkli yo lè w ap kalkile salè nèt ou:

- Dividann ou resevwa nan aksyon ak entèrè sou obligasyon, amwenske ou resevwa yo kòm yon koutye nan tranzaksyon finansye tankou aksyon ak tit;
- Enterè nan lajan ou prete, amwenske biznis ou an ap prete w lajan;
- Lwave nan byen imobilye, amwenske ou se yon koutye nan zafè kay oswa ou regilyèman ofri sèvis prensipalman pou fasilité moun ki abite nan kay la; oswa
- Revni ou resevwa nan yon patenarya limite.

## Metòd opsyonèl

Si revni nèt aktyèl ou mwens pase \$400, Sekirite Sosyal ka toujou konte revni w daprè metòd opsyonèl pou rapòte revni an. Ou ka itilize metòd opsyonèl la lè w gen revni ki sot nan agrikilti, revni ki pa sot nan agrikilti, oswa yon konbinezon toule de. Ou ka itilize metòd opsyonèl la sèman senk fwa pandan tout lavi w lè w ap rapòte revni ki pa sot nan agrikilti. Pa gen limit lè w itilize metòd opsyonèl la lè w ap rapòte revni ki sot nan agrikilti. Men ki jan sa fonksyone:

- Si revni brit ou ki soti nan travay ou fè nan agrikilti pa t plis pase \$7,800, oswa pwofi nèt ou fè nan agrikilti te mwens pase \$5,631, ou ka rapòte pòsyon ki pi pitit nan de-tyè (2/3) revni brit ki sot nan agrikilti a (pa mwens pase 0) oswa \$5,280; oswa
- Si revni nèt ou pa soti nan travay ou fè nan agrikilti mwens pase \$5,631 epitou ki mwens pase 72.189% revni brit ki pa sot nan agrikilti,

epi ou te gen revni nèt nan travay ou fè ak tèt ou ki omwen \$400 nan 2 pam 3 ane ki sot pase yo.

- Ou ka itilize ni metòd agrikilti ni metòd ki pa agrikilti pou rapòte revni, epi ou ka rapòte mwens pase total revni nèt aktyèl ou nan travay ou fè ni nan agrikilti ni ki pa nan agrikilti, men ou paka rapòte mwens pase revni nèt aktyèl ou pou travay ou fè nan agrikilti poukонт li. Si w itilize toule de metòd yo pou kalkile revni nèt, ou paka rapòte plis pase \$5,280.

**Nòt espesyal:** Si w se yon agrikiltè, ou ka itilize metòd opsyonèl la pou rapòte revni an chak ane. Li pa nesesè pou gen revni nèt aktyèl ki omwen \$400 nan ane presedan an. Epitou, lòt pwofi brit nan agrikilti, pwofi nèt nan agrikilti ak pwofi nèt ki pa nan agrikilti ka chanje chak ane.

Piblikasyon IRS 334, *Tax Guide for Small Business*, ak *IRS Schedule SE* ak enstriksyon yo genyen enfòmasyon siplemantè ki itil. Ou ka jwenn yo nan [www.irs.gov](http://www.irs.gov) oswa rele 1-800-829-4933.

## Fason pou rapòte salè

Ou dwe ranpli fòm taks federal sa yo pou pita le 15 avril, aprè nenpòt ane ou te gen revni \$400 oswa plis:

- Fòm 1040 (*U.S. Individual Income Tax Return*);
- Schedule C (*Profit or Loss from Business, Pwofi oswa pèt ou fè nan biznis*) oswa Schedule F (*Profit or Loss from Farming, Pwofi oswa pèt nan agrikilti*) jan sa awopriye; epi
- Schedule SE (*Self-Employment Tax, Taks pou moun k ap travay ak tèt yo*).

Ou ka jwenn fòm sa yo nan men IRS sou sit entènèt yo a nan [www.irs.gov](http://www.irs.gov). Voye fòm taks la ak schedule yo, ansanm ak taks w ap peye nan IRS paske w travay ak tèt ou a.

Menm si w pa dwe ankenn taks, ou dwe ranpli fòm 1040 lan ak Schedule SE pou peye taks Sekirite Sosyal pou moun ki travay ak tèt yo. Ou dwe fè sa menm si w déjà ap resevwa benefis Sekirite Sosyal.

## Aranjman biznis familyal

Kèk manm fanmi ka jere biznis ansanm. Pa egzanp, yon mari ak madanm ka travay kòm patnè epi jere yon biznis ansanm. Si n ap jere yon biznis ansanm kòm patnè, nou chak dwe rapòte pòsyon pa nou nan pwofi biznis lan fè kòm revni nèt sou taks nou ranpli kòm moun ki travay ak tèt nou (Schedule SE), menm si nou ranpli taks federal nou ansanm. Patnè yo dwe deside montan revni nèt yo chak dwe rapòte (pa egzanp 50 poustan ak 50 poustan). Epitou, yon mari ak madanm ki patisipe aktivman nan yon biznis yo jere ansanm, epi ki ranpli taks federal ansanm, ka chwazi pou yo takse yo kòm yon biznis komen ki kalifye olye de yon patenarya. Yo chak dwe ranpli yon Schedule C oswa C-EZ separeman.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè I ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo

dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;

- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tandem.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration  
Publication No. 05-10022-HC | January 2018

Si Ou Se Yon Travayè Endependan

If You Are Self-Employed (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a